**NUKUS TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*230100, Nukus shahri, A.Dosnazarov ko'chasi, 92-uy*

**NO'KIS RAYONLAR ARALIQ EKONOMIKALIQ SUDI**

*Nokis qalasi, A.Dosnazarov ko'shesi, 92-jay*

Тел: (55) 102-40-66 e-mail: i.nukus@sud.uz

**Өзбекстан Республикасы атынан**

# ШЕШИЎШИ ҚАРАР

**2023-жыл 06-март Нөкис қаласы ***-санлы ис**

Нөкис районлар аралық экономикалық судының судьясы М.Каримбаева басшылығында, судья жәрдемшиси Н.Базарбаевтың хаткерлигинде, арза бериўши ўәкили ***тың (исеним хат тийкарында) қатнасыўында, арза бериўши ***ның жууапкер ***ниң банклердеги есап бетлери бойынша операцияларын 10-күннен көп мүддетке тоқтатып турыў ҳаққындағы электрон түриндеги арзасын ҳәм қосымша ҳүжжетлерин Нөкис районлар аралық экономикалық судының имаратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы :**

Арза бериўши *** жууапкер *** тәрепинен 2022-жыл декабрь айы ушын қосылған қун салық бойынша есабаты тапсырылмағанлығы себепли банклердеги есап бетлери бойынша операцияларды он күннен көп мүддетке тоқтатып турыўды сораған.

Арза бериўши ўәкили суд мәжилисинде арзаны қоллап-қуўатлады.

Жууапкер суд мәжилисине келмеди.

Истиң усы күни көрилетуғыны ҳаққында тийисли тәртипте хабарландырылған. Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 170-статьясының 3-бөлимине тийкар, исти көриў ўақты ҳәм болатуғын орны ҳаққында тийисли тәртипте хабарландырылған жууапкер, үшинши шахслар суд мәжилисине келмесе, даўа олардың жоқлығында шешилиўи мүмкинлиги белгиленген. Сонлықтан суд жууапкер тәрепсиз исти қараўды мақул тапты.

**Суд арза бериўши ўәкилиниң түсинигин тыңлап, усынылған ҳүжжетлерди үйренип шығып, арзаны қанаатландырыўды мақул тапты.**

Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң (кейин-СК) 82-статьясының биринши бөлимине муўапық, салық есабаты салық төлеўши есапқа алынған орындағы салық органына белгиленген формада қағаз яки электрон формада усы кодекске муўапық салық есабатына қосымша қылыныўы лазым болған ҳүжжетлер менен бирге усынылады.

СКниң 111-статьясының биринши бөлимине муўапық, салық төлеўшиниң (салық агентиниң) банктеги есап бетлери бойынша операцияларды тоқтатып турыў ҳаққындағы қарар салық органының баслығы (баслық орынбасары) тәрепинен он күннен көп болмаған мүддетке қабыл қылыныўы мүмкин. Салық төлеўшиниң (салық агентиниң) банктеги есап бетлери бойынша операцияларды он күннен көп мүддетке тоқтатып турыў ҳаққындағы қарар салық органының илтимаснамасына тийкар суд тәрепинен қабыл қылыныўы мүмкин. Бунда салық төлеўшиниң(салық агентиниң) банк есап бетлери бойынша операциялары суд тәрепинен қарар қабыл қылынғанға шекем тоқтатып турылады.

СКниң 273-статьясының биринши бөлимине муўапық, салық төлеўшилер, егер усы бапта басқаша қағыйда нәзерде тутылмаған болса, салық есабатын өзлери салық есабында турған орындағы салық органларына өткен салық дәўиринен кейинги айдың жигирмаланшы күнинен кешиктирилмеген мүддетте усынылыўы шәрт.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң (кейин-ЭПК) 217-статьясына тийкар банклердеги есап бетлери бойынша операцияларын тоқтатып қойыў, нызамда нәзерде тутылған жағдайлар буннан тысқары, ҳуқықый тәсир шараларына киреди.

Арза мазмуны бойынша жуўапкер салық органына 2022-жыл декабрь айы ушын қосылған қун салық бойынша есабаты тапсырылмаған, нәтийжеде Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң салық төлеўшилерге жүкленген мәжбүриятын лазым дәрежеде орынламаған. Бул истеги салық төлеўшиниң (салық агентиниң) банклердеги есап бетлери бойынша операцияларын тоқтатып турыў ҳаққындағы қарары, талапнама менен тастыйықланады.

Сонлықтан, арз қылынған талап тийкарлы болып, арза қанаатландырыыўға, жуўапкер тәрепинен есабатларды тапсырғанға шекем жуўапкердиң банклердеги есап бетлери бойынша операциялар тоқтатып турыўға жатады.

Өзбекстан Республикасы “Мәмлекетлик бажы ҳаққында”ғы Нызамының 9-статьясының 19-бәндине муўапық, арза бериўши ҳәм жуўапкер мәмлекетлик бажы пул төлеминен азат етилгенлигин итибарға алынады.

Өзбекстан Республикасы ЭПКниң 222-статьясын басшылыққа алып, суд

**Қ А Р А Р Е Т Т И:**

Арза қанаатландырылсын.

***ниң банклердеги барлық есап бетлериниң шығыс бөлеги бойынша операциялар (бюджетке төлемлер, напақа, ис ҳақы айлық төлемлеринен тысқары) салық есабатларын тапсырғанға шекем тоқтатылсын.

*** салық есабатларды тапсырғаннан соң банклердеги есап бетлери бойынша операцияларды тикленсин.

Шешиўши қарар қабыл етилген күннен баслап он күннен соң нызамлы күшине киреди ҳәм қарарға наразы тәреп он күн мүддет ишинде Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртибинде арза бериўге, прокурор протест келтириўге ҳақылы.

**Судья** **М.Каримбаева**